



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN FON DEKABONIZASYON KOMINOTÈ NY GREEN BANK LAN KI EVALYE A 250 MILYON DOLA

Kapital nan pri ki ba yo bay pretè yo ki baze nan kominote a pral sipòte pwojè ki diminye emisyon gaz ki lakoz efè sè yo nan kominote ki defavorize yo

Akselere avansman ekitab nan direksyon objektif klimatik k ap mennen nan nasyon an pou redui emisyon gaz ki lakoz efè sè a 85 pousan vè 2050

Sipòte objektif Lwa sou Klima pou asire ke omwen 35 pousan ak yon objektif 40 pousan benefis investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a NY Green Bank, yon divizyon Otorite Rechèch ak Devlopman nan Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak antite finansman enèji pwòp ak enfrastrikti dirab eta a, te lanse yon Fon Dekarbonizasyon Kominotè (Community Decarbonization Fund, CDF) ki evalye a 250 milyon dola. CDF la, yon chemen pou prè an gwo ki pralbay kapital bon mache pou Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè (Community Development Financial Institutions, CDFI) yo ak lòt pretè ki baze sou misyon pou pwojè enèji pwòp lokal yo ak pwojè elektrifikasyon bilding ak lòt domèn travay, pral sipòte finansman pretè yo pwojè ki diminye emisyon gaz ki lakoz efè sè nan kominote ki defavorize yo. Anons jodi a sipòte avansman ekitab New York nan direksyon objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo nan 85 pousan dis 2050 epi asire omwen 35 pousan ak yon objektif pou 40 pousan nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo.

"Pandan n ap kontinye bati yon avni enèji pwòp epi ki ekitab pou tout Nouyòkè yo, NY Green Bank ap voye yon siyal klè ke eta nou an se yon lidè nan enfrastrikti vèt ak devlopman ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ogmante kapasite pretè ki baze nan kominote a pou sipòte pwojè enèji pwòp nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo atravè eta nou an pral amelyore aksè ak enèji renouvlab ak lojman ki pi an sante ak abòdab pandan n ap kontinye travay pou asire yon New York ki pi vèt pou tout moun."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Sipò pou òganizasyon kominotè ki gen konesans sou bezwen lokal rezidan yo enpòtan

anpil nan efò sible sa a pou pote avantaj tranzisyon enèji pwòp nan kominote ki defavorize yo atravè eta a. Feedback pati konsène yo gen anpil valè epi li sèvi kòm fondasyon pou nouvo fon sa a ki pral pèmèt plis pwojè, tankou sa yo ki avanse bilding ki efikas, an enèji pou resevwa sipò."

Prezidan NY Green Bank lan, Andrew Kessler, te deklare,"NY Green Bank konsantre sou konble vid ki genyen nan mache yo ki gen ladann devouman nou pou angaje ak moun ki gen enterè yo pou asire ke pwodwi yo reponn ak bezwen yo. Nou vrèman rekonesan pou opinyon nou resevwa yo ki te enpòtan anpil pou devlope Fon Dekabonizasyon Kominotè a, epi nou eksite pou nou travay ak pretè ki baze nan kominote a pou entegre pi bon pratik vèt nan prè pa yo ki deja reyisi."

Direktè Jeneral NY Green Bank lan, David Davenport, te deklare, "Fon Dekabonizasyon Kominotè NY Green Bank lan se yon eleman kle nan yon efò ki pi laj pou elaji ak kontinye amelyore òf pwodwi nou yo pandan y ap deplwaye kapital yon fason ki pi efikas nan kominote ki istorikman defavorize New York yo. Inisyativ sa a reflekte angajman nou pou yon apwòch enklizif ak patisipasyon yon pakèt moun ki gen enterè yo, epi nou pa ka tann pou nou pèmèt pretè ki baze nan kominote yo elaji òf yo pou sipòte pwojè yo dirèkteman nan kominote pa yo."

Hannah Vargason, Bousyè nan rechèch ak finans nan Center for Impact Finance nan Carsey School of Public Policy, te deklare, "Center for Impact Finance lan gen anpil eksperyans nan travay ak CDFI yo ak lòt pretè ki bay solisyon finansman bay moun, devlopè pwojè yo ak òganizasyon kominotè yo k ap travay nan kominote ki istorikman majinalize yo. Fon Dekabonizasyon Kominotè NY Green Bank lan prezante yon opòtinite enteresan - ak yon defi akeyan - pou pretè sa yo epi li ta dwe sèvi kòm yon ankourajman atiran pou entegre pi bon pratik prete vèt yo nan pòtfèy aktivite jeneral pa yo."

Michael Freedman-Schnapp, Direktè Jeneral Forsyth Street Advisors la, te deklare, "Fon Dekabonizasyon Kominotè NY Green Bank lan se yon zouti investisman ki pote transfòmasyon pou pote enèji pwòp nan kominote Eta New York yo ki istorikman pa jwenn ase sèvis. Twò souvan, yo neglije bezwen kapital kominote ki gen ti revni yo lè y ap pran desizyon. Genyen yon sous kapital fleksib ki fonksyone atravè pretè ki baze nan kominote a ki konnen bezwen Nouyòkè ki gen revni fèb yo se egzakteman sa ki nesèsè nan moman sa a. Nati inik ak echèl Fon Dekabonizasyon Kominotè a ap ede fikse rit sou plan nasyonal pou investisman bank vèt yo nan kominote ki defavorize yo."

Esther Toporovsky, Vis Prezidan Egzekitif Patenarya Lojman Vil New York la ak Prezidan HP Sustainability, te deklare, "Lanse Fon Dekabonizasyon Kominotè NY Green Bank lan entwodui yon nouvo resous kapital enpòtan pou pretè ki baze nan kominote a epi ki baze sou misyon yo pou elaji kapasite finansman yo pou yo enkli pwojè vèt ak dirab yo. HPN ak kliyan li yo - ki gen ladan CDFI, devlopè lokal yo ak òganizasyon san bi likratif kominotè yo - yo tout pare pou benefisyè nan enjeksyon kapital nouvo resous sa a bay."

Pandan ke CDF refilete yon apwòch amelyore pou elaji prè vèt nan DAC yo, NY Green Bank te sipòte aktivman pwojè yo nan kominote ki istorikman majinalize yo pandan tout istwa li. Apati 31 desanm 2022, NY Green Bank te pran angajman plis pase 216.5 milyon dola pou pwojè ki nan DAC yo, ki gen ladan solè sou twati sou lojman abòdab, ak solisyon pwòp chofaj ak refwadisman (ponp tèmik espesyalman) nan enstalasyon kominotè yo ak nan tanp adorasyon yo. Filyè aktyèl sipò NY Green Bank lan pou pwojè ki gen rapò ak DAC yo sipoze avanse angajman CDF la pou envesti 100 milyon dola pou dekabonizasyon bilding nan ak/oswa sèvi DAC yo ak 150 milyon dola pou lojman vèt abòdab disi 2025.

Estrikti CDF la, konsepsyon ak òf yo te enfòme pa yon demann inisyal ak kontinyèl pou opinyon moun ki gen enterè yo ki te kòmanse an desanm 2021, ak envitasyon yo te voye bay plis pase 130 antite, sa ki lakòz alafwa reyinyon endividyèl ak 11 ti gwoup sesyon tablewonn vityèl. Sesyon sa yo te sèvi kòm opòtinite pou moun ki gen enterè yo idantifye twou vid ki genyen nan finansman ak solisyon potansyèl ki ta ka elaji benefis envestisman enèji pwòp nan DAC yo. Yon rezime fidbak yo bay nan sesyon sa yo, ki gen ladan rekòmandasyon pou fon yo te anonse jodi a, nan Plan Anyèl Amanman pou 2021-22 a ke yo depoze nan Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la epi ki disponib sou sitwèb NY Green Bank la. NY Green Bank akeyi plis opinyon sou estrikti jeneral la, fòma ak kontni demann pou pwopozisyon (RFP) li menm, ke yo ka bay pa imèl nan investmentRFPs@greenbank.ny.gov, avèk "NY Green Bank: Opinyon RFP 23" kòm sijè.

Angajman moun ki gen enterè yo kontinye pandan devlopman CDF pou bay mizajou epi resevwa opinyon nan men òganizasyon k ap patisipe yo, tankou:

- Devlopè pwopriyete yo, founisè sèvis yo, pwopriyetè ak operatè yo;
- Defann jistis anviwònmanal yo;
- Òganizasyon ki baze nan kominote yo; epi
- Enstitisyon Finansman pou Devlopman Kominotè (CDFI yo) ak lòt konpayi finans espesyalize ki gen gwo filyè lojman abòdab ak lòt pwojè enèji pwòp ak enfrastrikti dirab ki gen rapò ak DAC yo.

NY Green Bank pral òganize yon webinè le 11 me 2023 a 10:00 a.m. pou pataje plis detay sou CDF la, objektif li prevwa yo ak benefisyè ki elijib yo. Tanpri anrejistre [isit la](#). Pou plis detay tanpri vizite [sitwèb](#) NY Green Bank lan.

An jeneral, depi lansman li an 2013, NY Green Bank te angaje 1.9 milya dola atravè 120 tranzaksyon epi li te mobilize 5.6 milya dola nan kapital apati 31 desanm 2022. Pwojè ki te sipòte pa envestisman NY Green Bank yo prevwa lakoz rediksyon anyèl emisyon gaz ki lakoz efè sè k ap redui jiska 1,910,000 tòn metrik, ki se ekivalan a si retire plis pase 415.000 machin nan lari a

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj

investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.9 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans 2,100 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè avanse aksyon klimatik New York la avèk prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)